ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКАЯ ГАЗЕТА ИТУМ-КАЛИНСКОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА

№15 (406), 28 апреля 2021г.



Ведучи

gazeta.veduchi@mail.ru gazeta.veduchi Свободная цена

Оханан (апрель) беттан 25-гІа де – Нохчийн меттан де

Нохчийн Республикин Куьйгалхочун, Россин Турпалхочун Кадыров Рамзанан Нохчийн меттан денца доьзна декъалдар

Ас даггара декъалдо шу Нохчийн меттан денца! Республикин дезачу деношна юкъахь оцу дийно къаьсттина а, сий-лараме а меттиг дІалоцу. Цо вайна дагадоуьйту ненан мотт Іалашбан, кхион, тІаьхьенаша тІаьхьенашка дІакховдон безаш хилар. Бакъонца, цунах вайн къоман коьрта хьал-бахам бу ала догІу.

Ненан маттаца уьйр-марзо хила езар даима а коьртачу маьІне хилла вайна. Вай дерриге а хьелаш кхолла гІерта хІора а нохчийчунна шен ненан мотт хаийтарна, оцу маттахь говза къамел дан, яздан Іаморна, нохчийн меттан грамматика йовзийтарна. Вайн къоман башхаллин а, культурин а гІортор а, бух а ма бу ненан мотт.

Нохчийн Республикин хьалхарчу Президента, Россин Турпалхочо Кадыров Ахьмад-Хьаьжас ненан мотт, нохчийн халкъан культура, истори Іалашъяр уггаре а мехала, маьІне гІуллакхаш лорура. Нохчийн яздархоша, журналисташа, лингвисташа деш долчух кхеташ а, царна гІонакъосталла деш а вара иза. Ур-атталла, республикина уггаре а чолхе беанчу муьрехь а Ахьмад-Хьаьжин ницкъ кхечира нохчийн маттахь газеташ, журналаш, книгаш, Іаматаш арахеца, телепередачаш, радиопрограммаш ян хьелаш кхолла.

Ахьмад-Хьаьжин сийлахь-деза весеташ кхочуш а деш, тахана вай республикехь уггаре а тоьлла хьелаш кхоьллина ненан мотт баржо, безабалийта, цуьнга марзо кхолла, иза кхин а хьал долуш бан. Вай долчохь хІора шарахь нохчийн маттахь дІахьош тайп-тайпана конкурсаш, фестивалаш ю, арахоьцуш книгаш, Іаматаш ю.

Тахана хІора а нохчи кхеташ ву шен Дайнахке, шен халкъе бакъболу безам ненан матте болчу безамехула бен хила йиш цахиларх. Вайн сийлахь декхар ду и безам Іалашбар, тІекхуьучу тІаьхьенашка дІакхачор. И дан таро хир яц вайн мотт лекхачу (трибунаш) мимаршна тІера бен буьйцуш ца хилахь. Ненан мотт массо цІа чохь, хІора хІусамехь бийца безаш бу, хІора доьзалехь берана жимачохь дуьйна иза Іамийта. ТІаккхий бен вайга Іалашбалур бац нохчийн мотт, тІаккхий бен Іалашдалур дац вайн башха, исбаьхьа, шатайпа халкъ.

Хьомсара махкахой! Ас кхин цкъа а даггара декъалдо шу Нохчийн меттан денца. Лаьа шу ирсе, могаш хуьлийла, шун аьтто хуьлийла! Беза а беза, Іалаш а бе ненан мотт!

Кадыров Рамзан цхьаьнакхийтира Россин Правительствон Председательца Мишустин Михаилца

Россин Правительствос кхитІе а гІодийр ду Нохчийн Республикехь дІахьош йолу программаш кхочушъян, хаам бира премьер-министра М.Мишустина.

«Регионални куьйгалло кхочушдечу гІуллакхаша гойту Нохчийн Республикехь экономикин хьал тоъал нуьцкъала хилар. Тахана республикехь дика кхуьуш медицина а, дешар а, Іилма а ду, – элира М.Мишустина. – Шуьга дІахаийта лаьа суна, доллучун чот тоьхна, правительствос сацам бина, Нохчийн Республикин бюджетан баланс нисъян 3,75 млрд. сом дала», – хаам бира цо.



М.Мишустинна регионан социални-экономикин хьал довзийтира Р.Кадыровс. Цо дийцира, коронавирусан ун бахьана долуш чолхенаш хиллехь а, социални-экономикин кхиарехь бакъхьара т1егІа лардаларх лаьцна. «Къоман проекташкахула а, пачхьалкхан гурашкахь йолу а программаш кхочушъярехь беркате зІе лаьттайо оха шун министрашца а, церан заместительшца а, цо кхачам боллуш гІодо цхьамогІа проблемаш нисъярехь», – элира цо.

Ша Нохчийчу варан жамІаш деш, журналистийн хаттаршна жоьпаш луш, М.Мишустина билгалдаьккхира, ша воккхавеш хилар Россин Президента Путин Владимира регионан куьйгаллина хьалха хІиттийна Іалашонаш кхиамца кхочушъярна. Р. Кадыровс баркалла элира премьер-министрана республике варна, иштта беркате юкъаметтигаш тІейогІучу хенахь а дІакхехьа аьттонаш хирг хиларх ша тешна хилар а довзийтира цо.

«Тхуна лараме ду, Михаил Владимировична шен белхан дукхалле ца хьожуш, вайн регионе ван хан карор а, цхьацца проблемаш кхузахь цо чекхъяхар а. Со тешна ву, кхитІе йолчу хенахь а вайн мохк социально-экономикин декъехь кхиорна а, бахархойн Іер-дахаран хьал тодарна а федеральни центраца бечу балхо гІо дийриг хиларх», – элира цо.

Нохчийн Республикин Куьйгалхочун а, Правительствон а хаамийн хьост

Ерригроссин юкъарчу белхехь



хьакъдоллу дакъалецира Итон-Кхаьллан кІоштарчу ерриге а организацеша а, учрежденеша а.

Ала деза, иштта белхеш дІабаьхьира лаьмнийн кІоштан хІора а юьртахь.

Россин коьртачу «Единая Россия» партин кхайкхамца дІабаьхьначу белхехь хІора а юьртара дакъалацархой хилла ца Іаш, меттигерачу школийн дешархоша а жигара дакъалецира ЧІаьнтарчу школехь дІабаьхьначу юкъарчу белхехь а. Цара нехех дІацІанйира юкъара меттигаш, кхаьрдира ширделла дитташ, дІадехира дакъаделларш, тІулгаш, кибарчикаш гулъеш а, некъ нисбеш, гІум-жагІа бухкуш беза белхаш а кхочушбира.

Белхаша къахьийгира кІоштан коьрта юрт къепе ялош а. Белхе гулбеллачара цІандира гІашлойн некъаш, иштта боккхачу некъан йистош а бел хьоккхуш хоттех цІанъеш, нуй хьоккхуш нехех цІанъеш, бордюрашна кІай сир тухуш белхаш дІабаьхьира кхузахь. Аьхкира некъаца а, гонаха а долчу диттийн гонаш, кир тоьхна серладехира уьш. Ала деза, юкъарчу мертигашкахь цІано яр кху дийне хьежош дацара вайн кІоштахь, иштта белхеш кест-кеста дІахьо кхузахь. Олуш ма-хиллара, цІано могашаллин закъалт а, ялсаманин ниІмат а хилар девзачу вайн бахархоша мало ца йеш дакъалецира юкъарчу белхехь. Белхи дІахьочу ерриге а меттигашкахь хиллачу кІоштан куьйгалхочо Зулаев Хьамида доккха баркалла элира Ерригроссин юкъарчу белхехь дакъа лаьцначу бахархошна а, кегийрхошна а.

Р.РИЗВАНОВ

21 апрель – Шайн урхаллин денна

лерина «НеІарш йиллина де» дІадаьхьира кху деношкахь Итон-Кхаьллан кІоштан администрацехь.

Кхеран болх бовза лаам болуш баьхкинера Итон-Кхаьллан юкъардешаран школин 10-11-чу классийн дешархой. Администрацин куьйгалхочун заместителя Муртазов Мовлада а, вовшахтохараллин отделан куьйгалхочо Ацаева Алисас а, говзанчас Магомадова Хабирас а бовзийтира шаьш кхочушбен болх. Иштта социальни декъан говзанчас Чапаев Булата а довзийтира шайн белхан низам а, белхан отделаш а – вовшахтохаран а, гІишлошъяран а, спортан а, кегийрхошца бечу белхан а, туризман а и дІ.кх. а. ХІора отдело кхочушбечу балхах лаьцна хаамаш а белира цо, цигахь къахьоьгу белхахой а бовзийтира. «НеІарш йиллина де» чекхдолуш хазахетар а хилира. КІоштан администрацин куьйгалхочун заместительна Рабуев Іабдурохьманна Нохчийн Республикин Куьйгалхочун а, Правительствон а Администрацин куьйгалхочун Таймасханов ГІаласан цІарах Сийлаллин грамота елира.

Цхьа а шеко йоцуш шен балхаца дика ларалуш а, мало йоцуш говзанча а, гІиллакхе, оьзда кІант а ву Іабдурохьман. Дала тІаьхье беркате йойла, Іабдурохьманан, кхиамаш совбохийла хьан!

Р.РИЗВАНОВ



Дахар - масал

Къинхетамах дуьзна ду Айманин дог



Нохчийн халкъаца дика а, вуон а доькъуш, цунна хазахетар хилча кхаъ хуьлуш, бохам хилча дог Iовжош, даима цуьнца цхьаьна яьхна, еха Несин Аймани. Тахана Нохчийчохь хьовха, луларчу регионашкахь а наггахь стаг карор вац Айманех, цо куьйгалла дечу Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цIарахчу регионан юкъараллин фондах, церан комаьршаллех лаьцна дуьйцуш хазаза. Нохчийчуьрчу, Дагестанерчу, ГIалгIайчуьрчу, ХIирийчуьрчу, ГIебартойн-Балкхаройрчу, ткъа иштта, Иорданерчу, Шемарчу, Ливерчу, кхечу пачхьалкхашкарчу бIеннаш, эзарнаш нахана сагIина кхачанан сурсаташ, кхиерг йохьуьйту цо кест-кеста. Берашна дарба карийнарш масане бу Нохчийчохь а, цул арахьа а, Айманис ахчанца гIо-накъостална дар бахьанехь, иза орцахъялар бахьанехь. Цуьнца цхьаьна Кадырова Айманис гIолацар бахьанехь, вайн бIеннаш махкахойн аьтто хилла шайн цIеношметтахIитто, цIиндан, шайна керла цIеношдан, шайн гIуллакх дIадоло, когахIитта. Сий-ларам беш, тахана халкъалахь Аману - олий йоккху цуьнан цIе. ХIинцца гучуяьлла яц Айманин комаьршалла. Тахана гучудаьлла дац цуьнан ийман, догдикалла, гIиллакх, оьздангалла, эхь-бехк. И дикаллаш, мехаллаш даима хилла цуьнгахь. Цунна тоьшалла до бераллехь дуьйна иза евзаш хиллачара а, Къилбаседа Кавказехь а шен дика цIе йоккхуш волчу Кадыров Хожа-Ахьмад-Хьаьжас а. Цуьнгахь и дикаллаш хилла вайн халкъана, махкана хала киртигаш тIехIиттича а, зеран муьраш даьхкича а. Орамера схьа ду и дерриге а. Несин Аймани хIокху дуьнен чу еана нохчийн халкъ махках даьккхинчу луьрачу, къизачу, декъазчу хенахь. Оцу хенан къаьхьа чам бевзина ю иза, шен хенара массо а нохчичунна санна. ХIетте а, оцу хенахь а цуьнан ден-ненан ницкъ кхаьчна шайн йоIехь адамалла, бусалбалла, эхь-бехк, доьналла, стогалла кхион. Жимачохь дуьйна марздина ламаз-марха, Iамийна хьанал-хьарам къасто, халонашна бIо ца къажо. И дерриге а эшна цунна ша йоккха хилча, дахаран чордачу некъа тIе хIоьттича. Шен деган дикалла доьзалшна дIаяла а хиъна оцу хьуьнаречу зудчунна. Ахьмад-Хьаьжина а мел хала хилла хир дара, и иштта ца хиллехь, хIаллакьхиларан зиле кхачийначу нохчийн халкъана хьалхавала а, иза Iинах доьдучуьра кIелхьарадаккха а, вуно доккха и жоьпалла тIелаца а. Оцу луьрачу муьрехь цунна тешаме гIортор хилла дIахIоьттина Аймани. Кхерчан йовхо, аьхналла латтийна цо Ахьмад-Хьаьжина. Иза къонахчунна кIезиг хIума дац. Айманис лайнарг лалур долуш дукха зударий бац Нана-Нохчийчохь. ХIинца-м, тIеман кIуьрлара девлла, машаран новкъа довлуш дара вай аьлла хеттачу хенахь, ямартчу мостагIаша тешнабехк бина, кхалхар хилира Ахьмад-Хьаьжин. Оцу бохамо Iовжийна дог-бIаьрг доьлхучуьра сацале, Делан кхиэле вирзира кIант – Зелимха... И дерриге а лан мел доккха ийман, собар оьшу! Мел доккха ийман, собар оьшура цул тIаьхьа, нахана, шен доьзална шегара бала-гIайгIа ца гайта! Цуьнгахь хилир-кха и ийман а, и собар а, и доьналла а. Корта таIIийна, де-буьйса ца лоьруш, нехан хьашташка хьоьжуш а, хьанал къахьоьгуш а ю иза. Мукъа еана хан Далла Iамал-Iибадат дарна а, бераберашша санна оьзда, гIиллакхе, яхь-юьхь, эхь-бехк долуш кхиорна а дIало Айманис. Хьаьхийнначуьра аьлча, Айманис дукха лерина кхочушдо АллахIан фарзаш а, Пайхамаран (Делера салам маршалла хуьлда цунна) суннаташ а. Иза жимачохь дуьйна сатесна яра, сийлахьчу Макка яхана, Хьаьждан. Дала цуьнан цу тIехь аьтто бира 1992- чу шарахь. Оцу шарахь дуьххьара ХьаьжцIа а яхана, КаIбате, Мухьаммад Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Ровзате бIаьргтоха ирс хилира цуьнан. Цул тIаьхьа а хилла иза оцу сийлахьчу, езачу меттигашкахь. Амма хIинца а цунах кхачам хилла яц Аймани. Харц хир дацара цуьнан са хIинца а Маккахь а, Мединатехь а лаьтта аьлча. Иза иштта хоьтуьйту цуьнгахь долчу иймано, комаьршалло, хазачу гIиллакхаша, беркатечу гIуллакхаша, къинхетамо.

С.ХАСАНОВ («Даймохк» газет, №17, 06.03.2021)

Муниципалитет

Дийцаре дира белхан коьрта гIуллакхаш

Итон-Кхаьллан кIоштан яртийн администрацин куьйгалхошций, кIоштан организацийн, учрежденийн куьйгалхошций рогIера шорйина кхеташо дIаяьхьира Итон-Кхаьллан муниципальни кIоштан администрацин куьйгалхочо Зулаев Хьамида.



Кхеташонан балхахь дакъалецира Шаройн, Шуьйтан, Итон-Кхаьллан районийн тIеман комиссара Радуев Сайпуддис а, «Тусхарой» дозанан урхаллин хьаькама Фартусов Сергейс а.

Повесткин хьалхарчу хаттарна жоп луш, кIоштан администрацин куьйгалхочун заместителя Рабуев Iабдурохьмана дийцира «Единая Россия» мехкан коьртачу партина хьалхе онлайн харжамаш дIабахьарх лаьцна. Цо кхайкхам бира цу декъехь жигара дакъалацахьара, аьлла.

Цул тIаьхьа вистхиллачу кIоштийн комиссара Радуев Сайпуддис дийцира эскаре баха хан кхаьчна кегийрхой чоте эца безаш хиларх лаьцна.

–ДIадаханчу шарахь вайн махкахь хьовха, дерриге а дуьненахь а ковидун бахьана долуш, и болх ледара баьллера вайн, – довзийтира цо. – Ледара даьлларг тIекхиош, кегийрхой чоте эца беза болх а, бахархой бронировать баран гIуллакх тIаьхьакхиош болу белхаш а жигара баха беза вай. Цхьабакъду, вайна ваьш ледара девллийла хаахь а, республикехь диначу жамIашкахь вай хьалхара хилар къастийна, амма цунах тоам бина паргIатдовла мегар дац. ХIора а юьртан администрацерчу тIеман чотан стоьло (вус) и болх эвсараллица дIабахьа безаш хилар довзийтира комиссара.

Шен къамелехь, дозанан урхаллин хьаькама Фартусов Сергейс дийцира, меттигерчу кегийрхошна товр ду аьлла хетарг.

– Тхан куьйгалло бакъо йелла, лаам болчу, меттигерчу кегийрхойх дозанхой тIеэца, – элира цо. – Тхан хьежамехь, иза кхачаме гIуллакх хир ду аьлла а хета тхуна, хIунда аьлча шен мохк а, цуьнан латта а ларор даима сийлаллин гIуллакх хилла нохчийн къомана юккъехь а. Эскарехь гIуллакх дина а, цигахь яьккхинчу заманчохь муьлхха а цхьа тIеман говзалла Iамийна а волчу жимачу стагна хала хир дац аьлла хета суна тхан харжамна юкъаван. Вуьшта, ала деза, доза ларор атта гIуллакх дац, зеран 2-3 бутт ца лалуш, шайн лаамца и гIуллакх дуьтурш а нисло. Эскарехь гIуллакх даза верг лаккхара дешар дешна хила веза. Тхуна оьшу тIеман говзаллаш: кхачанчо, фельдшер (кхуза зуда а мега), водительш, технически белхахой, иштта дI.кх. а.

Кхин дIа а шен хиллачу къамелехь С.Фартусовс довзийтира вайн республикин а, лулахойн ГIалгIайчоьнан а юкъара «деши гуо» аьлла цIе тиллинчу туристашна лерина дечу гIуллакхах лаьцна. Цул сов, цо тидаме ийцира, аьхкенан хенахь лахара лаьмнашка хьаладалон даьхни вакцинаци йина хила езаш хилар а, ткъа некъан йистошца вайн бахархоша а, тIебогIучара а хIиттош йолу мазлагIаш шайна тIаьхьара цIано ларъеш хила езарал сов, дозанехь кхочушбан беза гIишлошъяран а, некъаш тодаран а, иштта тIайш тахкаран белхаш бахьана долуш, мелла а некъа йистошкара чуоьзна хIиттон езаш хилар а.

Вайн кIоштахь, охахан беттан 24-чу дийнахь, Ерригроссин юкъара белхи дIабаьхьа безаш хиларх дийцира Рабуевс.

– Вайна иза керла гIуллакх дац, – билгалдаьккхира цо, – хIунда аьлча, хIора а баттахь шозза-ккузза вовшахкхетий, вайн меттигаш дIацIанъеш гIуллакх до вай. Ерригроссин юкъара белхи вайна рогIера белхи хир бу, амма хIинцачул а жигара дакъалаца дезар долуш гIуллакх а ду иза.

Иштачу цхьаьнакхетарехь жигара дакъа лацарна, гуламан чаккхенгахь Зулаев Хьамида доккха баркалла элира хьешашна а, белхахошна а.

Р.САРАЛИЕВ



25-гІа апрель – Нохчийн меттан де

Шен дешархошна ненан мотт Іамабеш а, иза царна марзбеш къахьогуш ю хьехархо

Ах бІе шо геррга хан ю Юсупова Моша школехь болх беш йолу

ТІедогІучу шарахь ах бІе шо хьаладузу Кхокхадойрчу юкъарчу школан нохчийн меттан а, литературин а хьехархочо Юсупова Мошас дешаран декъехь къахьоьгуш долу. 1972-чу шарахь Шуьйтара юккъера школа чекхъяьккхинчул тІаьхьа Итум-Кхаьллан районан БугІарерчу юьхьанцарчу школе хьеха еара иза. Школе балха дІахІотта шен иштта аьтто баларна ша вуно ирсе хетара йоІана. Школехь оьрсийн мотт а, литература хьоьхуш хиллачу Зинаида Михайловнас кхоьллинера оцу атта йоцучу говзалле кхуьнан безам.

– Зинаида Михайловнас цхьа чІогІа самукъадолуш болх бора тхоьца. Ша схьахьоьхучу темина берийн тидам тІебахийтарехь йоккха корматалла яра цуьнан. Цуьнан лелар а, амал а вуно товш хетара суна. Иштта ша а цхьа дика адам дара иза, – дагалоьцу Моша Муцаевнас.

Масех шарахь цу юьртарчу школехь болх биначул тІаьхьа, 1978-чу шарахь КІонжахарчу школехь болх бан дехьаелира къона хьехархо. ХІара цига йоьдучу хенахь ЧІиннахарчу школина чуйогІуш юьххьанцарчу классийн филиал яра иза. ТІаьхьо юкъарадешаран школа йира цунах. Мошина дагадогІу, цу хенахь Іаш-бехаш шортта нах а болуш, йоккха юрт яра КІонжахой. 1992-чу шарахь Кхокхадойрчу школе директоран балха дІахІоьттира



Моша. 2013-гІа шо кхаччалц бира цо цигахь болх. Бакъду, хьехархочун балхана юьстаха ца Іийра иза. Шена марзбелла болу нохчийн мотт хьийхира цо оцу ткъе цхьаъ шарахь а.

– Халахеташ делахь а, директоран дан дезарш дукха хиларна,цхьа класс бен тІелаца ца хІуттура со, – дийцира цо. – Берашна нохчийн мотт хьоьхуш вуно самукъадолура. Ткъа 2013-чу шарахь дуьйна кху школерчу ерриге а классашна хьеха таро хилира сан нохчийн мотт.

Балхах мокъа йолчу хенахь стихаш язъеш самукъадолу Моша Муцаевнин. Иштта наггахь дийцар а яздо. Цо билгал ма-даккхара, стихаш язъярах цхьа боккха синтем хуьлу цунна. Цуьнан цхьа дийцар Нохчийн Республикин дешаран а, Іилманан министерствос арахецначу белхахойн гуларна юкъадахна. Зорбанехь кхин а хила тарлора цуьнан белхаш, амма ша язбина могІанаш зорбане баха гІерташ ца лела иза.

Юсупова Моша зеделларг долу хьехархо хиларан тоьшалла ду районехь школашна юкъахь нохчийн маттехула дІахьочу конкурсашкахь цуьнан дешархоша совгІатан меттигаш йохуш хилар. Иза ларамза дац. Шен дешархошка ненан мотт Іамабайтарехь а, царна иза марзбарехь а шен ницкъ кхочург до цо. Цаьрга исбахьаллин киншкаш йоьшуьйтуш а, юха уьш цаьрца цхьаьна йийцаре еш а гІуллакх до. Цул сов, стихаш язъяран бакъенаш а йовзуьйту хьехархочо берашна.

– Дешархойн нохчийн маттахь могІанаш язбан безам кхоллар маьІне хета суна, – бохура Юсупова Мошас. «Биъ могІа мукъна язбахьара аша», – олу аса цаьрга. Хьанна хаьа, цу тІера дІа кхолларалли декъехь къахьоьгуш цхьаъ вала а там ма буй царна юкъара. Иштта нохчийн меттан факультете дешадахарна церан ойла тІеерзорехь болх бан декхар ду хьехархочо. Кхечанхьара хьехархо кхойкхучул, шаьш хьехархо хила гІортар гІолехь хиларх уьш кхето гІурту.

Нохчийн меттан а, литературин а декъехь билгалдолчу деношна лерина гІуллакхаш а вовшатуху М. Юсуповас. Тидамза ца дуьту 25-чу апрелехь билгалдоккхуш долу Нохчийн меттан де а.

– Мархийн бутт тІекхачале оцу дезачу денна лерина нохчийн даарех дуьззина стол а кечъеш, гІуллакх дІадаьхьира кху школехь, – дийцира хьехархочо. – ХІунда аьлча вайн дайша биина болу мерзачу кхачанех дІацахадар а тІехь ду вайна.

Иштта хьокъалдоллу гІуллакх дІадахьа Іалашо ю 25-чу апрелехь а. Аьтто баьллачара, газетехула суна даггара декъалбан лаьа вайн берриге а бахархой оцу дезачу денца.

Дала вайн мотт беза а, бийца а, цуьнан сийдан а хьекъал а, доьналла а лойла вайна.

Іалихан БАУДИНОВ

Конкурс

Бекалахь ненан мотт



цІе йолу хІорашеран конкурс дІаяьхьира Исаев Хьусайнан цІарахчу Итон-Кхаьлларчу юкъардешаран школехь.

Кхузахь дакъалоцуш бара кІоштан ерриге а школашкара векалш. Конкурс вовшахтохархоша дийцарехь дешархой а, церан хьехархой а лерина кечбеллера конкурсана. Башхачу ненан маттахь дийкира байташ йоьшуш, сценкаш хІиттош, хаарш талларан зерашкахь берийн аьзнаш. Церан хаарийн жамІаш дира лараман жюрин декъашхоша. Жюрин председателла, кІоштан администрацин куьйгалхочо Зулаев Хьамида шен къамелехь билгалдаьккхира, нохчийн меттан Дийнан сийлаллех доьзна вайн халкъан дахар а, цуьнан генара а, вайзаманан истори а хилар. Иштта цо тидаме ийцира и де дахаре даккхарехь республикин Куьйгалхочо къахьегар а.

– Мотт бацахь къам цахилар девзачу вайн Куьйгалхочо, мел боккхачу гуламехь а нохчийн маттахь до къамел. Цунах масал эца хьакъ ду вай. Шаьш цу гІуллакхна тидам беш хилар а, цу тІехь къахьоьгуш хилар а гайти вайн хьехархоша а, дешархоша а. Шуна доккха баркалла а олуш, ас даггара декъалдо шу Нохчийн меттан Денца!

Хууш ма-хиллара, муьлххачу а къовсамехь берриге а дакъалацархойх толамхой ца хуьлу. Амма конкурс дІаяьхьначу кху школин куьйгалхочун заместителя Рахмаева Яхас дийцарехь шен ненан мотт буьйцуш а, и безаш а верг цкъа а эшамехь хир вац.

Жюрин декьашхоша довзийтира конкурсан чаккхенан жамІаш. Нохчийн маттана лерина «Бекалахь ненан мотт» цІе йолчу конкурсехь

1- ра меттиг ГутІерачу юкъардешаран школин дешархошна магийра.

2-чу меттехь бара Итон-Кхалларчу школин дешархой.

3-чу меттехь – ЧІиннахарчу школин дешархой.

Шайн ненан мотт иштта дика хаарна, цуьнца уьйр- марзо чІагІъярна даима ирсе хуьлда шу!

С.АСТАМИРОВА



Нохчийн мотт – вайна къоман назма

Дуьненан уггаре а баккхийчу тамашех цхьаъ бу адаман мотт. Адам кхидолчу дийнатех къасточу билгалонех коьртаниг а мотт бу.

Ма-дарра аьлча, къомана а шенна мотт белла Дала.

Шен ненан маттаца кхуьуш ю къоман культура, литература, искусство.

Делахь хІета, къоман уггаре а еза, уггаре а сийлахь хазна ю оцу къоман Мотт.

ХІора стеган шен ненан маттаца йолчу юкъаметтигашка хьаьжжина мах хадо мегар ду, цуьнан культурин бараман хадийна ца Іаш, цуьнан гражданский механллин а.

Шен къоме бакъболу безам хила тарлуш дац, шен ненан матте безам бацахь.

Шен къоман матте бен а доцуш хьожуш верг - акха стаг ву ала мегар ду.

Шен ненан матте долчу бендацаро гучудоккху цуьнан шен къоман хилларг, хІинца долуш дерг, кхана хиндерг цунна бен-башха а цахетар...

Вай нохчий ду. Веза-Сийлахьчу Дала кхоьллина вайн нохчийн сибат. Цо елла вайна нохчийн амал.

Цо делла вайна нохчийн гІиллакхаш, ламасташ.

Цо белла вайна нохчийн мотт. Хьо винчу, хІара дерриге а дуьне хьуна совгІатана деллачу, хьан цхьаъ бен йоцчу, кхин хила йиш йоцчу хьан ненан мотт. ХІун хир ду цул деза, цул сийлахь, цул хьоме?!

Нохчийн мотт - вайн къоман АЗ ду, вайн къоман илли ду, вайн къоман назма ю.

Ненан матто Іамадо вайн Даймохк беза. Цо Іамадо вайна нохчийн оьзда гІиллакхаш, ламасташ. Цо Іамадо вайна дуьненан а, адаман а хазалла йовза.

Бакъдолуш, вайна хаа дезаш а, коьртачех а дерг иштта ду: йицьян йиш яц вайн нохчийн мотт ларбаран а, кхидІа кхиоран а йолу проблема.

Ненан мотт Іаморехь, цуьнан сийларам лакхабаккхарехь доккхачу маьІне хир бу къоман школашкахь беш болу болх.Тахана вайх хІораннах а дозуш ду нохчийн къоман, вайн мехкан хиндерг.

Вайн барт хиларх, вайн кхетамах, вайн доьналлех, вайн хьаналчу кхолларалли кхинхьегамах дозуш ду дуьненан къаьмнашца нисделла шен юьхь, мотт, культура, истори йолуш, маьршачу, машаречу Даймехкан дуьззина да хилла вайн нохчийн халкъ дІахІоттар.

Увайс ЛОРСАНУКАЕВ

21-чу апрель – шайн урхаллин де (День самоуправления)

Шайх диканиг ала хьакъ ву

Итум-Кхаьллан районан администрацехь къахьегна волу Зулаев Олхазар а, Темирбулатов Хьамзат а.



21-чу апрелехь билгалдоккху Метигехь шаьш урхалладаран де. Оцу дийнахь вайн пачхьалкхехь декъалбо муниципальни белхахой. Долуш дерг хьесапе а эцна, уггаре хьалха декъалван лаьа Итум-Кхаьллан муниципальни районан администрацин куьйгалхо Зулаев Хьамид а, ткъа иштта тахана цунна тешаме накъостий а хилла, цуьнан куьйга кIелахь къахьоьгуш болу берриге а белхахой а. Вайн районерчу бахархойн дахар кхидIа а кхиорна мехала хазна юкъаюьллу цара хIораммо.

Иштта вайн бицбан бакъо яц дIаяханчу хенахь районан дахар кхиорехь хьанал къахьегна болу нах а. Царах цхьаъ ву 2012-2018 шерашкахь Итум-Кхаьллан районан администрацин куьйгалхочун атта доцу декхарш кхочуш дина волу Темирбулатов Хьамзат. Цуьнца цхьаьна болх биначарна иза дагахь лаьтта дика адам а, оьзда стаг а санна. Ша даржехь ву аьлла доцуш, лелайора Хьамзата хIора белхахочуьнца йолу юкъаметтигаш. Стагана вас ярах ларлуш, хIоранца кIеда-мерза хилар билгал дара цуьнан амалехь.

– Со шуьгара сайна хIума йоьхуш вац. Вай массо а Iедалан балхахь ду. Цундела вай хIора а декхар ву ша вол-волчохь шен декхарш кхочушдан. Иштта ца хилахь, вайн гIуллакх гена гIура дац,– олура цо кхеташонашкахь.

Билгалдаккха деза, республикин даржехь болу нах вовшахкхеттачу меттехь а ша воллу Хьамзат вара иза. Ша «везавалийта» гIертар дацара цуьнгахь, нохчочун бакъйолчу амалах цавохар коьртачех лорура цо. Администраци балхе вале а дукха къахьегна вара иза. 1976-чу шарахь цо Карагандахь чекхъяькхина СССР-н МВД-н лаккхара школа. 1980-2001-чу шерашкахь белхаш бина Пачхьалкхан йийбаран «Ритм», ЧИПМДО «Терек» фирмехь.

2001-2012-чуй шерашкахь Итум-Кхаьллан районан финансийн урхаллехь коьртачу говзанчан тIера схьа тайптайпана белхаш бина. Оцу урхаллин куьйгалхо вара иза 2012-чу шарахь администраце балха вогIуш. Цундела бевзара цунна районера бахархой а, девзара церан дахаран хьелаш а. Районера хьал кхидIа кхиор шен коьрта Iалашо лорура цо.

Иштта шех ала диканиг бен ца дитина Итум-Кхаьллан районан администрацехь ткъех шарах сов болх биначу Зулаев Олхазара а. Юьхьанца орготделан куьйгалхочун а, юха районан администрацин куьйгалхочун гIоьнчин а декхарш кхочушдина цо. Партин лаккхара школа а, йохк-эцаран институт а, Орджоникидзера юьртбахаман институт а – цу тайпа дешарш чекхдаьхна а, Советан заманахь дуьйна Iедал белхаш бина а ву иза. Зеделларг долу говзанча ша хиларе терра, шегара корматалла тIекхуьучарна дIаяларехь цо динарг вуно мехала ду. Балха тIехь гIиллакх-оьздангаллех ца вухуш иза чекхваьллрх тоьшалла дийр ду цуьнца цхьаьна болх биначо муьлххачо а.

А.МАЛИКОВ



ГПДН

«Твой выбор»

На территории Итум-Калинского района в период с 15 по 21 апреля 2021 года проведено оперативно-профилактическое мероприятие под условным наименованием «Твой выбор».

Основная цель мероприятия – предупреждение групповой преступности несовершеннолетних, предотвращение вовлечения их в деструктивную деятельность, проникновения в подростковую среду экстремистской идеологии.

В ходе проведения мероприятия, во взаимодействии с представителями КДН и ЗП администрации Итум-Калинского района, отдела образования, здравоохранении, социальной защиты населения, органов службы занятости, сотрудниками уголовно исполнительной системы проведено мероприятие, направленное на выявление групп несовершеннолетних антиобщественной направленности, проверка мест концентрации несовершеннолетних. Также проводилась разъяснительная работа среди учащихся образовательных организаций Итум-Калинского района и на родительских собраниях о правовых последствиях совершения правонарушений и преступлений несовершеннолетних, осуществлялся мониторинг сети «Интернет» в целях выявления контентов, пропагандирующих деструктивное поведение, субкультуры криминального характера.

В частности, особое внимание обращено на выявление лиц вовлекающих несовершеннолетних в совершение преступлений и административных правонарушений. Каких либо правонарушений со стороны родителей и несовершеннолетних, в период проведения мероприятий не допущено.

Л.Г. ЗУРАБОВА, старший инспектор ГПДН, майор полиции

«Диктант Победы»



пройдет завтра, 29 апреля.

Это уже третий международный исторический диктант, посвященный событиям Великой Отечественной войны.

В 2020 году в диктанте участвовало более миллиона человек из России и 75 зарубежных государств.

Цель акции – сохранить память о годах войны, подвигах фронтовиков и тружеников тыла. Во время диктанта можно проверить свои знания о ключевых событиях и героях Великой Отечественной войны.

Диктант можно написать онлайн или в одном из пунктов проведения акции.

12 тысяч площадок откроются во всех регионах России и за рубежом.

Пограничное управление ФСБ России по ЧР информирует:

Сотрудниками Пограничного управления ФСБ России по Чеченской Республике совместно с сотрудниками Управления ФСБ России по Чеченской Республике в апреле т.г. пресечен межрегиональный канал незаконного оборота особо ценных водных биологических ресурсов, занесенных в Красную книгу Российской Федерации.


В ходе проведения мероприятий сотрудниками Управлений выявлена жительница г. Грозного, осуществляющая транспортировку особо ценных водных биологических ресурсов в Чеченскую Республику.

В результате операции из незаконного оборота изъято 104 экземпляра особо ценных рыб осетровых видов, занесенных в Красную книгу Российской Федерации. По предварительной оценке ущерб, причиненный водным биологическим ресурсам, превысил 13 миллионов рублей.

Проводятся дополнительные мероприятия по установлению всех обстоятельств противоправной деятельности и лиц, к ней причастных.

Пресс-служба Пограничного управления ФСБ России по Чеченской Республике

Уважаемые граждане республики



В рамках проведения всероссийской недели горячей линии с 26 по 30 апреля 2021 года Кадастровая палата по Чеченской Республике проведет консультирование граждан региона.

Эксперты помогут разобраться с актуальными вопросами, касающимися осуществления различных сделок с недвижимостью, способах проверки собственности перед покупкой, определения и оспаривания кадастровой стоимости и др.

График проведения горячей линии:

- 26 апреля с 09.00 до 13.00 ч. Как получить сведения из ЕГРН. Тел. 8(8712)29 27 21 (доб. номер 2037) .

- 27 апреля с 09.00 до 13.00 ч. Кадастровый учет и регистрация прав на земельные участки и объекты капитального строительства. Тел.8(8712)29 27 21 (доб.номер 2014) .

- 28 апреля с 09.00 до 12.00 ч. Порядок определения и оспаривания кадастровой стоимости. Тел. 8(8712)29 27 21 (доб. номер 2011) .

- 29 апреля с 09.00 до 13.00 ч. Как использовать материнский капитал. Тел. 8(8712)29 27 21 (доб. номер 4300) .

- 30 апреля с 09.00 до 13.00 ч. Работа электронных сервисов Росреестра. Тел. 8(8712)29 27 21 (доб. номер 2123)

Кадастровая палата по ЧР

Газета «Ведучи»
Главный редактор
Т.А.САРАЛИЕВА
Газета освещает события, происходящие в Итум-Калинском муниципальном районе Чеченской Республики

Учредитель: Администрация Итум-Калинского муниципального района
Адрес учредителя/издателя: 366404, Чеченская Республика, Итум-Калинский район, с.Итум-Кали, ул. А-Х.Кадырова, д.14
Газета выходит 4 раза в месяц

Газета зарегистрирована Управлением федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 20-00074 от 01 февраля 2013 г.

Газета набрана и сверстана на компьютерной базе редакции газеты "Ведучи".
Адрес редакции: 364014, ЧР, г. Грозный, ул.Н.А.Назарбаева, 92 тел.: 8 (938) 893-04-10

Отпечатана в ФГУП ИПК "Грозненский рабочий"
Адрес: г.Грозный, ул.Интернациональная, 12/35
Подписано в печать: 27.04. 2021.
по графику в 18.00, по факту в 16. 00
Тираж - 1000 экз. Заказ №